

### Istwa kreyasyon an

**1** <sup>1</sup>Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a. <sup>2</sup>Men latè pat gen fòm, li pat gen anyen sou li. Fènwa te kouvri toupatou. Lespri Bondye t'ap plannen sou dlo ki te kouvri tout latè.

3 Bondye di: Se pou limyè fét.

Epi limyè te fét. <sup>4</sup>Bondye wè limyè a te bon. Bondye mete limyè a yon bò, li mete fènwa a yon lòt bò. <sup>5</sup>Bondye rele limyè a lajounen, li rele fènwa a lannwit. Yon lannwit pase, yon maten rive: se te premye jou a.

6 Bondye di ankò: Se pou gen yon vout nan mitan dlo a pou sépare dlo a an de.

7 Bondye fè vout la sépare dlo a an de, yon pati anwo vout la, yon lòt pati anba l. Se konsa sa te pase. <sup>8</sup>Bondye rele vout la syèl. Yon lannwit pase, yon maten rive: se te dezayèm jou a.

9 Bondye di ankò: Se pou dlo ki anba syèl la sanble yon sèl kote pou kote ki sèk la ka parèt.

Se konsa sa te pase. <sup>10</sup>Bondye rele kote ki sèk la tè. Li rele pil dlo a lanmè. Bondye gade sa l te fè a, li wè l bon.

11 Bondye di: Se pou tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay gress, pyebwa ki bay fwi ak tout gress yo.

Se konsa sa te pase. <sup>12</sup>Tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay gress, pyebwa ki bay fwi ak tout gress yo. Bondye gade sa l te fè a, li wè l bon. <sup>13</sup>Yon lannwit pase, yon maten rive: se te twazyèm jou a.

14 Bondye di ankò: Se pou limyè parèt nan syèl la pou sépare lajounen ak lannwit. Y'a sèvi pou make jou yo, lanne yo ak sezon yo. <sup>15</sup>Y'a sèvi limyè nan syèl la pou klere tout latè a.

Se konsa sa te pase. <sup>16</sup>Bondye fè de gwo limyè, pi gwo a pou kòmande sou lajounen, pi piti a pou kòmande sou

lannwit. Li fè zetwal yo tou. <sup>17</sup>Li mete yo nan syèl la pou klere latè a, <sup>18</sup>pou kòmande sou lajounen ak sou lannwit, pou sépare limyè ak fènwa. Bondye gade sa l te fè a, li wè l bon. <sup>19</sup>Yon lannwit pase, yon maten rive: se te katriyèm jou a.

20 Bondye di ankò: Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan. Se pou zwazo vole nan syèl la anwo tè a.

Se konsa sa te pase. <sup>21</sup>Bondye kreye gwo bèt lanmè yo, tout kalite bèt vivan k'ap naje nan dlo ansanm ak tout kalite zwazo.

Bondye gade sa l te fè a, li wè l bon. <sup>22</sup>Bondye beni yo, li di: Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tou sou tè a. <sup>23</sup>Yon lannwit pase, yon maten rive: se te senkyèm jou a.

24 Bondye di ankò: Se pou tè a kale tout kalite bèt vivan, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant, bèt nan bwa.

Se konsa sa te pase. <sup>25</sup>Bondye fè tout kalite bèt, bèt nan bwa, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant. Li gade sa l te fè a, li wè l bon.

26 Bondye di ankò: Ann fè moun. N'ap fè l pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. L'a gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a.

27 Bondye kreye moun:

li fè l pòtre ak li.

Li kreye yo gason ak fi.

<sup>28</sup>Li ba yo benediksyon, li di:

Fè pitit, fè anpil anpil pitit  
mete sou tè a. Donte tè a.

Mwen ban nou pouvwa sou pwason  
ki nan lanmè,

sou zwazo ki nan syèl la,  
ak sou tout bèt vivan k'ap maché  
sou tè a.

29 Bondye di: Gade. Mwen ban nou tout kalite plant ki bay gress ak tout kalite pyebwa ki bay fwi ak gress pou nou manje. <sup>30</sup> Men, tout bêt ki sou tè a, tout zwazo ki nan syèl la, tout bêt ki trennen sou vant, wi tout bêt vivan, m'ap ba yo zèb vèt pou yo manje.

Se konsa sa te pase. <sup>31</sup> Bondye gade sa l te fè a, li wè l bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive: se te sisypèm jou a.

**2** <sup>1</sup>Konsa, Bondye te fin fè syèl la, latè a ansanm ak tou sa ki ladan yo. <sup>2</sup>Sou sis jou, Bondye te fin fè tou sa l t'ap fè a. Setyèm jou a, li sispann travay. <sup>3</sup>Li beni setyèm jou a, li mete l apa pou li, paske se jou sa a li te sispann travay apre li te fin kreye tou sa l t'ap kreye a. <sup>4</sup>Se konsa sa te pase lè Bondye t'ap kreye syèl la ak latè a.

Lè Senyè a, Bondye a, t'ap fè latè ansanm ak tou sa ki nan syèl la, <sup>5</sup> pat gen yon ti pyebwa sou tè a. Okenn zèb pat ankò pouse nan jaden, paske Bondye pat voye lapli tonbe sou tè a. Lèfini, pat gen moun pou travay latè. <sup>6</sup> Men, yon vapè dlo leve sòti nan tè a, li wouze tout tè a.

7 Lè sa a, Senyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè yon nonm. <sup>b</sup> Li soufle nan twou nen nonm lan pou l ba li lavi. Epi nonm lan vin vivan.

### Jaden Edenn lan

8 Senyè a, Bondye a, plante yon jaden yon kote yo rele Edenn, bò kote solèy leve a. Se la li mete nonm li te fè a. <sup>9</sup>Senyè a, Bondye a, te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an, bèl pyebwa ki donnen fwi ki bon pou manje. Nan mitan jaden an te gen de gwo pyebwa: yonn se te pyebwa ki bay lavi a, lòt la se te pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. <sup>10</sup>Yon gwo larivyè sòti nan peyi Edenn, li wouze jaden an. Larivyè a te fe kat branch. <sup>11</sup>Premye branch lan te rele Pichon. Se larivyè sa a ki wouze tout peyi

Avila a, peyi kote yo jwenn anpil lò a.

<sup>12</sup> Se nan peyi sa a yo jwenn pi bon lò an-sanm ak pyebwa gonm arabik ak yon pyè wouj ki koute chè yo rele oniks. <sup>13</sup>Dezyèm larivyè a rele Giyon. Se li ki wouze tout peyi Kouch la. <sup>14</sup>Twazyèm larivyè a rele Tig. Se li ki pase nan peyi Lasiri, sou bò solèy leve a. Katriyèm larivyè a se Lefrat.

15 Senyè a, Bondye a, pran nonm lan, li mete l nan jaden Edenn lan pou l travay li, pou l pran swen l. <sup>16</sup>Senyè a, Bondye a, bay nonm lan lòd sa a:

— Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. <sup>17</sup>Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l, w'ap mouri.

18 Senyè a, Bondye a, di ankò:

— Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M'ap fè yon lòt moun sanble avè l pou ede l.

19 Se konsa, Senyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè tout kalite zannimo ki nan savann ak tout kalite zwazo k'ap vole nan syèl la. Lè l fini, li mennen yo bay nonm lan pou wè ki non li ta pral ba yo. Se non li te ba yo a ki rete pou yo nèt. <sup>20</sup>Se konsa, nonm lan bay tout bêt yo gade, tout bêt nan bwa ak tout zwazo ki nan syèl la non yo. Men, pat gen yonn ki te sanble avè l, ki ta ka ede l. <sup>21</sup>Lè sa a, Senyè a, Bondye a, fè dòmi pran nonm lan. Mesye dòmi nèt ale. Pandan l'ap dòmi an, Bondye louvri bò kòt li, li wete yon zo kòt. Apre sa, li fèmen twou a byen fèmen. <sup>22</sup>Avèk zo kòt li te wete nan nonm lan, li fè yon fanm, li mennen l ba li. <sup>23</sup>Lè nonm lan wè l, li di:

— Aa! Fwa sa a,  
men yonn ki menm jan avè m!

Zo l se zo mwén.

Chè l se chè mwén.

Y'a re le fanm,<sup>c</sup>  
paske se nan gason li sòti.

24 Se poutèt sa, gason an va kite papa l ak manman l pou l mete tèt li ansann ak madanm li, pou tou de fè yon sèl.

25 Nonm lan ak madanm li te toutou ni. Men, yo pat wont rete konsa.

### Peche dezobeyisans

**3** <sup>1</sup>Sèpan se bét ki te pi rize nan tout bét raje Senyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa:

— Eske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?

2 Fanm lan reponn sèpan an:

— Nou gendwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. <sup>3</sup>Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di: Piga nou manje ladan l, piga nou manyen l menm. Sinon, n'ap mouri.

4 Lè sa a, sèpan an di fanm lan:

— Se pa vre. Nou p'ap mouri kras. <sup>5</sup>Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan l, je nou va louvri. N'a vin tankou Bondye, n'a konn sa ki byen ak sa ki mal.

6 Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bél, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l pou je l ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l ki manje tou.

7 Manje yo fin manje, je yo louvri: lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fe tanga mete sou yo.

8 Jou sa a, soley te fenk fin kouche lè nonm lan ak madanm li tande vwa Senyè a, Bondye a, ki t'ap pwonmennen nan jaden an. Y'al kache nan mitan pyebwa ki nan jaden an pou Senyè a, Bondye a, pa wè yo. <sup>9</sup>Men, Senyè a, Bondye a, rele nonm lan, li di l:

— Kote ou ye?

10 Nonm lan reponn li:

— Mwen tande vwa ou nan jaden an, mwen pè. M'al kache pou ou, paske mwen toutouni.

11 Senyè a, Bondye a, di l:

— Ki moun ki di ou te toutouni? Eske ou te manje fwi pyebwa mwen te di ou pa manje a?

12 Nonm lan reponn:

— Fanm ou te ban mwen an, se li menm ki ban mwen fwi pyebwa a pou m manje, epi mwen manje l.

13 Senyè a, Bondye a, mande famn lan:

— Poukisa ou fè sa?

Fanm lan reponn li:

— Se pa mwen non! Se sèpan an wi ki pran tèt mwen ki fè m manje l.

### Pinisyon moun

14 Senyè a, Bondye a, di sèpan an konsa:

— Poutèt sa ou fè a, ou madichonnen nan mitan tout bét jaden ak tout bét nan bwa. W'a rale sou vant ou. W'a manje pousyè tè jouk jou ou mouri. <sup>15</sup>Ou menm ak fanm lan, m'ap fè nou lènmi yonn ak lòt. Pitit pitit pa l ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou. Pitit pitit li ap kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l nan talon pye l.

16 Li di fanm lan:

— Lè w'ap fè pitit, m'ap fè soufrans ou vin pi rèd. W'a gen pou soufri anpil lè w'ap akouche. W'ap toujou anvi mari ou. Men, se mari ou ki va chèf ou.

17 Apre sa li di Adan:

— Ou koute pawòl madanm ou, pa vre! Ou manje fwi pyebwa mwen te ba ou lòd pa manje a. Poutèt sa ou fè a, m'ap madichonnen tè a. W'a gen pou travay di toutan pou fè tè a bay sa ou bezwen pou viv. <sup>18</sup>Te a va kale tout kalite pikan ak pengwen ba ou. W'a manje fèy ki pouse nan raje. <sup>19</sup>Se swe kouray ou ki pou fè ou mete yon moso pen nan bouch ou jouk lè w'a tounen nan tè kote ou sòti a. Paske, se pousyè ou ye, ou gen pou tounen pousyè ankò.

20 Adan bay madanm li non, li rele l  
Ev,<sup>d</sup> paske se li menm ki manman tout  
moun k'ap viv sou tè a.

21 Lè sa a, Senyè a, Bondye a, pran  
po bèt, li fè rad pou Adan ansanm ak  
madanm li, li biye yo.

### **Bondye chase Adan ak Ev**

22 Apre sa, Senyè a, Bondye a, di:  
— Kounyea, Adan vin konnen sa ki  
byen ak sa ki mal tankou yonn nan nou.  
Nou p'ap kite l lonje men l keyi fwi  
pyebwa ki bay lavi a pou l manje l, pou l  
pa viv pou tout tan.

23 Se konsa, Senyè a, Bondye a, mete  
Adan deyò nan jaden Edenn lan. Li  
voye l al travay tè, menm tè Bondye te  
pran pou fè l la.

24 Se konsa, li te mete Adan deyò. Sou  
bò kote solèy leve nan jaden an, li mete  
kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere  
kou dife nan men yo. Yo t'ap dragonnen  
nan tout direksyon pou anpeche moun  
pwoche bò pyebwa ki bay lavi a.

© Société Biblique Haïtienne  
Edition Corrigée, 1998

Société Biblique Haïtienne  
Angle des Rues du Centre  
et des Miracles  
Port-au-Prince, Haïti  
  
Haitian Bible  
HT052 Haitian Bible Paperback SBH-1998-25M  
HT053 Haitian Bible Hardcover SBH-1998-15M